




ANTI-DISCRIMINATION

## Resous ak enfòmasyon sou kontak

Resous ak enfòmasyon sou kontak Biwo Anti-Diskriminasyon an ofri yon seri resous ak sèvis sipò pou gide w depi lè w deside depoze yon plent jiska rezolisyon ka w la. Ekip nou an dedye a ba ou asistans ke w gen bezwen an.

- [Wilmington](#)
- [Newark](#)
- [Dover](#)
- [Georgetown](#)

Eskane kòd QR la pou jwenn aksè fasil a plis enfòmasyon, detay kontak biwo, fòmilè, ak opsyon kontak dirèk yo:



Divizyon Zafè Endistriyèl yo sipòte efò w pou w bay yon espas travay ki jis e ki an sekirite. Ansanm, nou ka asire ke biznis ou a non sèlman satisfè egzijans legal yo, men tou pwospere atravè yon mendèv ki otorize.



## Gid pou Anplwayè yo: Reponn ak Akizasyon Diskriminasyon

Patenarya Pou yon Travay Ekitab:  
Biwo Anti-Diskriminasyon





## Konprann Wòl Biwo Anti-Diskriminasyon an Patenarya pou travay san patipri

Biwo Anti-Diskriminasyon (OAD) gen otorizasyon pou aksepte, inisyé, ak mennen ankèt sou reklamasyon diskriminasyon kont patwon nan Delaware ki gen omwen 15 anplwaye. Li asire ke chak ka evalye jisteman epi avèk anpil swen sou tout prèv yo ranmase.

Kòm yon twazyèm pati net, OAD konsantre sou sipòte tout anplwaye ak patwon nan eta Delaware.

### Reponn a Akizasyon Diskriminasyon yo: Yon Gid Etap pa Etap

Mezi Pwoaktif pou Amplwaye yo

#### Konprann Notifikasyon w la

- Eksplikasyon sou Notifikasyon:** Lè yon moun depoze yon plent diskriminasyon kont yon konpayi, konpayi an resevwa yon Avi sou Chaj Diskriminasyon. Li enpòtan pou sonje ke notifikasyon sa a pa vle di koupab.
- Wòl OAD:** OAD fè yon ankèt epi li detèmine si gen yon rezonab pou kwè ke diskriminasyon te fèt.

### Etap Envestigasyon yo: A kisa Anplwayè a dwe Atann li Asire yon Evalyasyon san Patipri ak Apwofondi

#### Detèminasyon Preliminè

Nan 60 jou, OAD revize tout dokiman yo voye nan toude pati yo epi li fè yon detèminasyon preliminè, ki mennen nan youn nan rezulta sa yo:

**Medyasyon:** Si toulede pati yo dakò, ka a dosye a ka ale nan medyasyon.

**Konklizyon Preliminè:** Si yo jwenn "Pa gen Kòz Rèzonab," ka a ka rejte, an rezèv pou plis enfòmasyon nan men Pati Ki Plenyen an.

**Ankèt Pwofondè:** Ka a kontinye nan yon ankèt pi detaye.

### Konsèy pou anplwayè yo pandan envestigasyon an Asire yon Pwosesis ki kalm ak efikas

- Etap 1: Demann Enfòmsyon:** Yo ka mande w pou soumèt dokiman ki enpòtan, pèmèt yon vizit sou plas, epi bay enfòmasyon kontak temwen yo.
- Etap 2: Konferans pou jwenn plis enfòmasyon:** Patisipasyon w nan konferans sa a kapab akselere ankèt la.
- Etap 3: Repons Rapid:** Li enpòtan pou w reponn OAD san pèdi tan epi bay enfòmasyon yo mande yo avèk presizyon, menm si w kwè akizasyon an pa gen baz.
- Etap 4: Retansyon Dokiman:** Kenbe tout dokiman ki enpòtan yo jan lalwa egzije sa.
- Etap 5: Kowoperasyon se kle:** Koperasyon ou ak kontribisyon ou enpòtan anpil pou ede OAD fè yon ankèt konplè. Travay ansanm ak envestigatè ou ka ede ranmase prèv ki nesesè yo epi mennen nan yon rezolisyon pi rapid.